

Milangkala ka 133 Babarna Radén Déwi Sartika 4 Désémber 1884:

# Ngeunteung ka Dunya Atikan Radén Déwi Sartika



H. Tatang Ibrahim

Doktor Manajemen Pendidikan Uninus;  
Dosen Manajemen Pendidikan Islam  
Fakultas Tarbiyah dan Keguruan UIN  
Bandung

**PIKEUN** urang Sunda hususna, umumna bangsa Indonesia nguping nami Radén Déwi Sartika tangtu moal bireuk deui, sabab anjeunna tos ditetepkeun salaku Pahlawan Nasional ti 1 Desember 1966 ku pamaréntah RI. Hal ieu mangrupikeun panghargaan ngeunaan jasa-jasana ngadegkeun jeung ngamumulé dunya atikan kaum wanoja, sanajan dina mangsa harita kaayaan walurat (keur dijajah ku Walanda). Ngan sanajan kitu, sumanget Radén Déwi Sartika tetep ngagedur, teu petot-petot majuangeun dunya atikan kaum wanoja. Udaganana kaum wanoja kudu ngabogaan élmu pangaweruh jeung kaparigelan. Beh dituna, atikan kaum wanoja cacah ulah éléh ku kaum wanoja ménak, malah sing bisa saajar jeung kaum lalaki.

Ku ngadegna sababaraha sakola Déwi Sartika di wewengkon Pasundan, ngajadi ciri yén Radén Déwi Sartika bener-bener geus jadi inohong atikan, lain ngan saukur milik urang Jawa Barat, tapi geus jadi milik bangsa Indonesia. Di mana-mana tos jlug-jeug sakola ti mimiti TK-SMA nu aya dina naungan Yayasan Déwi Sartika. Hal ieu sing jadi panyundut sumanget pikeun urang saréréa, ngaping, ngadidik para rumaja nu kiwari tangtangana mungkin gedé jeung mungkin rongkah.

## Mangsa Rumaja Putri

Radén Déwi Sartika dibabarkeun di Bandung 4 Désémber 1884, ti kulawarga ménak nyaéta pasangan harmonis Nyi Radén Rajapermas sareng Radén-Somanagara. Ari Radén Somanagara téh Patih Bandung, sedengkeun Radén Rajapermas putri ti Bupati Bandung R.A. Wiranatakusumah IV (1846-1874).

Nalika yuswa 6 taun Radén Déwi Sartika ku ramana disakolakeun ka sakola Walanda nyaéta ELS (Europesche Lagere School), satingkat sakola dasar nu dihususkeun pikeun barudak Walanda jeung katurunana. Di ELS Radén Déwi Sartika diajar bahasa Walanda jeung Inggris—sok sanajan ngalanggar adat mangsa harita—, tapi ramana keukeuh peuteukeuh nyakolakeun Radén Déwi Sartika supaya miboga élmu pangaweruh pikeun bekel kahirupanana, sabab moal salilana hirup kumpul jeung ibu ramana. Lian ti kitu ogé geus katooong ku ramana yén Radén Déwi Sartika téh nonoman putri nu nyongcolang uteuk-

na.

Mangsa yuswa Déwi Sartika napak 9 taun, ramana nyaéta Radén Somanagara jeung akina Radén Demang Suriadiprja dituduh nyimpen bom pikeun niat jahat ka R.A.A. Martanagara (turunan ménak Sumedang) anu ngabalukarkeun Radén Somanagara diasingkeun ka Ternaté, Maluku. Harita Radén Déwi Sartika masih nungtut élmu di Sakola Walanda karék kelas III (tilu) di ELS. Kulantaran kajadian diasingkeun téa, nya Radén Déwi Sartika dieureunkeun ku pihak sakola ménak Bandung, sabab bapana disangka boga kasus. Balukarna nu leuwih parah deui Radén Déwi Sartika teu bisa ditarima di sakuliah sakola di Bandung. Tapi pikeun Déwi Sartika ku kajadian harita teu mantak sedih sumawona putus harepan, malah mungkin ngagedur sumanget pikeun majoangkeun dunya atikan kaum wanoja.

Kusabab biangna indungna milu jeung bapana diasingkeun ka Ternaté téa, Radén Déwi Sartika dititipkeun ka uwana Radén Demang Suriakarta Adiningrat anu jadi Afdeeling Cicaléngka. Ti dinya Déwi Sartika mimiti diajar kaparigelan wanoja (budaya Sunda) ti garwa uwana. Sedengkeun budaya Barat ti P. Roo de la Faille, Kontrolir Walanda di Cicaléngka.

Kulantaran Radén Déwi Sartika ngabogaan bakat dina atikan, nya anjeuna ngajarkeun ka babaturan ulina, maca jeung nulis bari émah-émahan, anjang-anjangan, sasakolaan, maké sarana kenténg, areng jeung papan bilik kandang kuda nu aya di tukangeun imahna. Radén Déwi Sartika merankeun salaku guru, babaturan ulina jadi muridna. Atuh ti harita jadi géhégér, ramé, malah sumebar ka mana-mana pédah loba wanoja anak cacah (jelata) barisa maca, nulis, bisa basa Walanda jeung ngitung tur kaparigelan. Padahal mangsa harita nu bisa maca jeung nulis téh estuning wanoja turunan ménak wungkul jeung nu jadi anéh diajarkeunna ku kaum wanoja nyaéta ku Radén Déwi Sartika.

Teu lila ti dinya, Radén Déwi Sartika geus mangsa rumaja indungna balik ti Ternaté (pangasingan), sabab ramana pupus di tempat pangasingan. Radén Déwi Sartika nyusul indungna ka Bandung. Nalika taun 1902 Radén Déwi Sartika nyoba ngarintis deui dunya atikan keur kaum wanoja. Saperti nu

pernah dilakukeun di Cicaléngka, sarana saaya-aya nyaéta di rohangan leutik tukangeun imahna di Bandung, Radén Déwi Sartika ngajarkeun nyulam, masak, ngajait ngaput, maca, ngitung, nulis jeung sajabana.

## Ngadegkeun Sakola

Sok sanajan Radén Déwi Sartika tos pindah ka Bandung, keukeuh émutana manteng ka batur ulinna waktu di Cicaléngka nu kungsi diajar bari arulin. Ku sabab keretegna nu geus ngempur, Radén Déwi Sartika mangkarunyeun ka babaturan wanoja di Cicaléngka anu can bisa maca. Nya, Radén Déwi Sartika ngusulkeun ka Bupati Bandung R.A.A. Martanagara (paman Radén Déwi Sartika) nyieun sakola khusus keur wanoja.

Radén Déwi Sartika ngarasa ragu ngusulkeun hanya ngadegkeun sakola husus wanoja, alatan bapana kungsi dianggap rék niat jahat ka pamana nyaéta Bupati Bandung R.A.A. Martanagara téa, —padahal masih kénéh katalian kulawarga—.

Asalna usulan Radén Déwi Sartika ngadegkeun sakola ditolak sababaraha kali. Tapi Radén Déwi Sartika teu gampang pundungan, teu épés méér, terus ngusulkeun deui bari ngayakinkeun payuneun Bupati Bandung R.A.A. Martanagara bakating ku keyeng hayang mélaan kaum wanoja. Nu antukna usulan pikeun ngadegkeun sakola ditarima kalayan simpati, atuh Radén Déwi Sartika ngarasa bungah taya padana, tékadana mingkin ngagedur.

Napak umur Radén Déwi Sartika 20 taun, waktu harita tanggal 16 Januari 1904, dibuka Sakola Istri, mimiti dua kelas nyaéta kelas hiji jeung kelas dua, murid anu asup ngan 20 urang, guruna tilu urang nyaéta Radén Déwi Sartika, Nyi Poerwa, jeung Nyi Oewid, tempatna di pendopo Kabupatén Bandung. Kulantaran mingkin réa nu harayang sakola, sedengkeun tempatna nu sakitu heureutna (pendopo geus teu mahi), maka kalayan bantuan ti sababaraha pihak sarta tabungan Déwi Sartika sorangan, taun 1905 sakola dipindahkeun ka Jalan Ciguriang, Kebon Cau (ayeuna mah Jalan Kautamaan Istri, Kota Bandung).

Nalika taun 1906, Radén Déwi Sartika nikah jeung Radén Kanduruan Agah Suriawinata guru Sakola kelas hiji Karangpamulang, Cicadas, Bandung kalayan dipaparinan putra namina Radén Atot.

Taun 1909 Sakola Istri angkatan kahiji lulus, saterusna wangunan dirénovasi nambahna kelas deui. Taun 1910 ngaran Sakola Istri dirobah jadi Sakola Kaoetamaan Istri nu taun 1929 ngaran sakola diganti deui jadi Sakola Radén Déwi. Mata palajaran ditambahan ku basa Walanda, agama Islam jeung kasehatan. Palajaran élmu kasehatan diguruan ku L. van Arkel, juru rawat nu ngarangkép perawat di Rumah Sakit Situsaeur (ayeuna mah RS Immanuel Bandung).

Kulantaran sakola Radén Déwi Sartika maju, pamaréntah Walanda méré panghargaan bintang jasa ku gelar

Orde van Oranje-Nassau dina milad ka-25 Sakola Kaoetamaan Istri salaku jasa-jasana merjuangeun dunya atikan nu saterusna méré wangunan agréng jeung sarana lainna.

Saterusna Sakola Radén Déwi Sartika, dibuka di sababaraha kabupatén di Jawa Barat. Malah di Tasikmalaya diadegkeun Yayasan Déwi Sartika taun 1913. Lian ti éta ogé ngadeg sakola Kautamaan Istri di Garut, Ciamis, Bogor jeung Purwakarta. Nepi ka taun 1912 geus diwangun 9 (salapan) Sakola Kautamaan Istri di wewengkon Pasundan. Malah di Bukit Tinggi, Sumatera Barat tos ngadeg Sakola Kautamaan Istri nu dikokojoan ku Encik Rama Saleh.

## Pieunteungeun Balaréa

Ngeunaan udagan Radén Déwi Sartika ngadegkeun sakola pikeun kaum wanoja, tinangtuna gé bakal ngajadikeun kaum wanoja jadi palalinter jeung parigel. Kukituna pikeun urang saréréa boh nu icikibuna di dunya atikan atawa nu lianna, sing bisa ngeunteung kana sumanget nu ngagedur ti Radén Déwi Sartika keur ngamajukeun dunya atikan.

Kiwari udagan Radén Déwi Sartika geus katingali hasilna, kaum wanoja geus saajar jeung kaum lalaki. Urang saréréa ogé kudu katata kana eusi atikan nu diajarkeun ku Radén Déwi Sartika nu geus leuwih tiheula batan teori Taxonomi Benyamin Bloom nyaéta ranah kognitif (calakan, éncér otak), afektif (kasopanan), psikomotor (kaparigelan, katerampilan)—mana horéng teori Taxonomi Benjamin Bloom ieu geus dilarapkeun ku Radén Déwi Sartika, luyu jeung téori atikan “jaman now”. —, oge payus jeung udagan Radén Déwi Sartika yén: “Mun jadi awéwé kudu miboga katerampilan, kudu sagala bisa, ambéh bisa hirup”. Malah dina buku karangan Radén Déwi Sartika nu judulna “Kaoetamaan Istri” (medal taun 1912, ku A. C. NIX & Co) ditegeskeun: “Lir ibarat kayu nu masih kénéh kasar, bisa diraut dilemeskeun, tangkal leutik kudu dibérak. Jalma goréng ahlakna kudu diatik méh boga karakter alus, nu bodo kudu diajar sina pinter”.

Nalika Perang Dunya ka II, tangtara Jepang datang ka Indonésia, Sakola Radén Déwi Sartika ditutup jeung dibubarkeun. Taun 1946 kajadian Bandung Lautan Api, Radén Déwi Sartika ngungsi ka Kampung Béntang di Ciamis. Kaayaan Radén Déwi Sartika anu lintuh bayuhub ngabalukarkeun sampéana lécét dugi ka rada parna, vonis ahirna nyebutkeun yén Radén Déwi Sartika diabétes (panyawat gula), nya dilandongan di Cinéam. Saentos dirawat di Cinéam, Tasikmalaya Radén Déwi Sartika tilar dunya kaping 11 September 1947, dikurebkeun di Cigadon, Desa Rahayu, Kacamatan Cinéam, Tasikmalaya. Nu salajengna, 3 taun ti pupus makamna dialihkeun ka Komplék Pemakaman turunan Bupati Bandung di Jalan Karang Anyar. Muga anjeuna Khususul Khotimah... Aamiin Ya Allah Ya Robbal Alamiin!\*\*\*